**O’ZBEKISTAN RESPUBLİKASI` JOQARI` HA’M**
**WORTA ARNAWLI` BİLİM BERİW MİNİSTRLİGİ**

Berdaq ati`ndag’i`
Qaraqalpaq ma’mleketlik universiteti
Qaraqalpaq filologiyasi` fakulteti
Jurnalistika kafedrasi`

Jurnalistika bo’liminin’ 4-kurs studenti
Bekbergenova Biybirayxanni`n`

«Jurnalistlik do`retiwshilik teoriyasi`
ha`m metodikasi`» pa’ninen

# *K U R S   J U M I` S I`*

Temasi`: T.Qayi`pbergenov publicicistikasi`

Qabi`l yetiwshi: f.i.k. Paluanov B.

No’kis-2014

Kirisiw

Jazi`wshi` publicistikasi` wo`zgesheligi

T.Qayi`pbergenov esselerinde publicistika

Juwmaqlaw

Paydalang`an a`debiyatlar

Kirisiw

O’zbekistan Qaharmani`, O’zbekstan ha’m Qaraqalpaqstan xali`q jazi`wshi`si` To’lepbergen Qayi`pbergenov 1929-ji`li` Kegeyli rayoni`nda tuwi`lg’an. 1947-ji`li` Xojelidegi peduchilisheni tamamlap, awi`lli`q mektepte mug’allim boli`p isleydi. 1955-ji`li` Qaraqalpaq Ma’mleketlik Pedinstituti`ni`n’ rus tili ha’m a’debiyati` bo’limin pitkergennen keyin «A’miwda’rya» jurnali`nda a’debiy xi`zmetker, Qaraqalpaqstan jazi`wshi`lar awqami`ni`n’ juwapli` xatkeri, Qaraqalpaqstan radiosi`nda ag’a redaktor, basli`q wori`nbasari`, «Jas Leninshi» (Ha’zirgi «Qaraqalpaqstan jaslari`») gazetasi`ni`n’ bas redaktori`, baspaso’z boyi`nsha ma’mleketlik komitet basli`g’i`ni`n’ ori`nbasari`, 1980-ji`ldan bu’gingi ku’nge (2009-j) deyin Qaraqalpaqstan jazi`wshi`lar awqami`ni`n’ basli`g’i` boli`p islep kiyati`r.

1987-ji`ldan 1991-ji`llar arali`g’i`nda Qaraqalpaqstan Joqari` Ken’esinin’ basli`g’i` ori`nbasari`, 1990-ji`li` O’zbekstan Respublikasi` Prezidenti I.A.Karimovti`n’ pa’rmani` menen O’zbekstan respublikasi` Prezidentlik Ken’esinin’ ag’zasi` boli`p tayi`nlandi`. 1995-ji`ldan baslap ja’miyetlik baslamada Orayli`q Aziya xali`qlari`ni`n’ ma’deniyati` fondi` basqarmasi`ni`n’ basli`g’i` No’kiste ha’m Tashkente shi`g’atug’i`n gazeta jurnallardi`n’ birazi`ni`n’ redkollegiya ag’zasi`.

Jazi`wshi` T.Qayi`pbergenov ja’miyetlik jumi`slardi` atqari`w menen birge o’z do’retiwshilik ta’jiriybesin o’siriw u’stinde ti`nbay miynet etti. 1956-ji`li` oni`n’ «Sekretar» atli` birinshi povesti ja’riyalanadi`. Bunnan keyingi ji`llari` «Mug’allimge raxmet» povesti, «Son’g’i` hu’jim» romani` «Bloknot so’yleydi» gu’rrin’ ha’m ocherkler toplami`, «Qaraqalpaq qi`zi`» romani`, «Suwi`q tamshi`», «Uyqi`si`z tu’nler» povestleri, u’lken tariyxi`y da’wirdi o’z ishine qamti`g’an «Qaraqalpaq da’stani`» roman-trilogiyasi` (1968-1971-1977) «Ko’zdin’ qarashi`g’i`» romani`, «Familiya», «Ta’nha wo’zin’e ma’lim si`r» do’retpeleri baspada jari`q ko’rdi.

T.Qayi`pbergenovti`n’ «Qaraqalpaqnama» roman-essesi tek qaraqalpaq prozasi`nda g’ana yemes, al ha’zirgi Worayli`q Aziya xali`qlari` a’debiyatlari`nda da ayri`qsha a’debiy qubi`li`s boldi`. G’a’rezsizlik ji`llari`nda jazi`wshi`ni`n’ esseleri ha’m publitsistikali`q shi`g’armalari` ja’ne de jan’asha tu’s aldi`. «Wo du’nyadag’i` atama xatlar», «Qa’lbimnin’ qamusi`», «Tu’rkiynama», «Qaraqalpaqti`n’ wo’z qalpag’i` menen si`rlasi`wi`», «Jol jo’nekey berilgen asi`g’i`s sorawlarg’a juwaplar», «Qaraqalpaqpan, o’mirde ta’weklshimen» roman-esseleri ha’m publitsistikali`q shi`g’armalari` qaraqalpaq a’debiyati`n jan’a janrlar menen bayi`tti`.

T.Qayi`pbergenovti`n’ shi`g’armalari` ko’plegen tillerge awdari`li`p ja’riyalandi`. Rus tilinde «Dastan o Karakalpakax», «Iz yurti` v mir», «Vremiya, mir, jizn», «Karakalpakname», o’zbek tilinde «Qoraqalpoq dostoni», «Bobomga xatlar», “Qoraqalpoqnoma” shi`g’armalari` kitap boli`p basi`li`p shi`qti`. Ayi`ri`m shi`g’armalari` bunnan basqa tillerge de awdari`li`p ha’r qi`yli` basi`li`mlarda ja’riyalandi`.

«Jazi`wshi`ni`n’ «Qaraqalpaq qi`zi`» romani` boyi`nsha qaraqalpaq ha’m wo’zbek tillerinde teleradiopostanovkalar, Tashkentten Muqimiy ati`ndag’i` teatrda spektakl «O’zbek film» kinostudiyasi` ta’repinen «Qaysar qi`z» atli` ko’rkem film jarati`ldi`. «Qaraqalpaq da’stani`» trilogiyasi` tiykari`nda o’zbek ha’m qaraqalpaq tillerinde tele ha’m radiopostanovkalar, trilogiyani`n’ birinshi kitabi` («Maman biy a’psanasi`») boyi`nsha Berdaq ati`ndag’i` qaraqalpaq ma’mleketlik sazli` teatri`nda spektakl qoyi`ldi`. Sonday-aq «Familiya» (Xeops piramidasi`) – Moskvada shi`g’atug’i`n jurnalda ja’riyalani`p, Qaraqalpaqstanni`n’ jas tamashago’yler ha’m Qazaqstanni`n’ Qarag’anda teatrlari`nda saxnalasti`ri`ldi`. «Berdaq» («Sahra bu’lbili») «Aydos baba» dramalari` qaraqalpaq ha’m o’zbek tillerinde baspaso’zlerde ja’riyalani`p u’zindiler saxanalti`ri`ldi`.

T.Qayi`pbergenovti`n’ Respublikami`zdi`n’ ma’deniyat ha’m a’debiyati`na qosqan salmaqli` u’lesi joqari` bahalandi`. Ol «Qaraqalpaqstan xali`q

jazi`wshi`si`» (1974), «O’zbekstan xali`q jazi`wshi`si`» (1994) hu’rmetli ataqlari`na miyasar boldi`. Bir qatar respublikali`q ha’m xali`q arali`q si`yli`qlardi`n’ laureati`. Ju’nya ju’zilik jaslar festivali`na bag’i`shlani`p o’tkerilgen Qaraqalpaq Respublikali`q konkursi`ni`n’ a’debiyat boyi`nsha si`yli`g’i`ni`n’ jen’impazi` (1957), «Qaraqalpaq qi`zi`» romani` ushi`n Berdaq ati`ndag’i` si`yli`qti`n’ (1967), «Raxmet mug’allim» povesti ushi`n Hamza ati`ndag’i` O’zbekstan ma’mleketlik si`yli`g’i`ni`n’ (1971), «Qaraqalpaq da’stani`» roman-trilogiyasi` ushi`n buri`ng’i` SSSR ma’mleketlik si`yli`g’i`ni`n’ (1986), «Pravda» gazetasi`ni`n’ (1987), «Krestyanka» jurnali`ni`n’ (1988), «Qaraqalpaqnama» roman-essesi ushi`n Mahmud Qashqariy ati`ndag’i` Xali`q arali`q si`yli`qti`n’, «O du’nyag’a atama xatlar» do’retpesi ushi`n M.Sholoxov ati`ndag’i` si`yli`qti`n’ laureati` boldi`. Jazi`wshi`g’a 2004-ji`li` O’zbekstan Qaharmani` atag’i` berildi.

Bir neshe ma’rtebe O’zbekstan Respublikasi`ni`n’ xali`q deputati`, Qaraqalpaqstan Joqarg’i` Ken’esinin’ buri`ng’i` awqam SSSR Joqarg’i` sovetinin’ deputati` boli`p saylandi`.

T.Qayi`pbergenovti`n’ do’retiwshilik miynetleri qaraqalpaq prozasi`ndag’i` jazi`wshi` sheberligi, do’retiwshilik talg’am ha’m oylaw diapozoni`ni`n’ ken’ligi, ti`nbay izleniwshilik bag’dari`nda jumi`s ali`p bari`wi` oni`n’ o’z aldi`na jazi`wshi`li`q mektep ashi`wi`na jol ashti`. Ju’zlep u’yretken ruwxi`y bayli`g’i`n, erligin, u’rp-a’detlerin, da’stu’rlerin, milliy mentalitetin ha’r ta’repleme ju’zege asi`ri`p keldi. Oni`n’ moralli`q du’nyasi`ni`n’ go’zzalli`g’i`n ashi`wg’a qarati`lg’an. T.Qayi`pbergenov o’zinin’ usi`nday qi`rli` ha’m si`rli` ta’repleri menen ko’rkem a’debiyat maydani`nda iri tulg’a boli`p ma’n’gige qala beredi.[1]

Jazi`wshi`ni`n’ joqari`dag’i` dan’qi`, xi`zmetleri Oratorli`q (sheshenlik) o’nerinin’ tiykarlari` oqi`w qurali` ushi`n a’lbette u’lken fakt bolatug’i`nli`g’i`n

[1] Жоқарыдағы Т.Қайыпбергеновтың өмири, хызмети туўралы мағлыўмат оның 80 жыллығына арналған мирәтнамадан алында.

heshkim biykarlamasa kerek. Sonsha miynet etken jazi`wshi`ni`n’ shi`g’armalari` haqi`yqi`y sheshenlik talantti`n’ en’ joqari` haqi`yqi`y sheshenlik talantti`n’ en’ joqari` shoqqi`lari`ni`n’ birin iyeleydi desek asi`ri`p aytqan bolmaymi`z.

T.Qayi`pbergenovti`n’ qaraqalpaq publitsistikasi`na qosqan u’lesi og’ada ko’p. Ha’rbir shi`g’armasi`nda tipik obrazlardi`n’ jasali`w sheberligi o’z-o’zinen bolmasa kerek. Sol obrazlardi`n’ jarati`li`wi`nda olardi`n’ mi`n’ san waqi`yalari`nda, so’z arqali` jarati`lg’an qatnaslari`nda ne degen ga’whar so’z marjanlari`ni`n’ dizbekleri jati`r.

## Jazi`wshi` publicicistikasi` wo`zgesheligi

Publitsisttin’ do’retpeleri kitap boli`p shi`g’i`wi` menen ja’miyetshilikti o’zine tarta aldi`. Oni`n’ «Ko’zdin’ qarashi`g’i`», «Ta’nha o’zin’e ma’lim si`r», «Familiya», «Bloknot so’yleydi», «O du’nyadag’i` atama xatlar» toplamlari`nda publitsistikali`q maqalalari`, intervyuleri, ocherkleri o’z sa’wleleniwin tapqan.

«Basqasha qalay boli`wi` mu’mkin?» (Ko’zdin’ qarashi`g’i` No’kis, «Qaraqalpaqstan» 1986-j. 240-bet) maqalasi`nda avtor Qaraqalpaqstan Respublikasi`ndag’i` alg’a ilgerlewshilikler haqqi`nda o’z pikirlerin aytadi`. Maqalani`n’ ja’miyetlik a’hmiyeti sonnan ibarat, avtor ma’mlekettin’ rawajlani`wi`na tosqi`nli`q etiwshi faktorlardi` si`ng’a aladi`.

«Bir kese su’t» publitsistikasi` da di`qqatqa i`layi`qli` do’retpe sanaladi`. Avtor bul maqalasi`nda sharwashi`li`q tarawi`ndag’i` ko’p g’ana ma’seleler tuwrali` so’z etedi. A’sirese, awi`ldi`n’ infrastrukturasi`n jetilistiriw ma’selesinin’ ja’miyetlik mashqala da’rejesine ko’teriwi da’wir talabi` esaplanadi`. Awi`llarda jasawshi` adamlar ushi`n en’ birinshi gezekte mal saqlawg’a ha’m oni` ko’beytiwge jag’day, sharayat tuwdi`ri`w kerekligin aytadi`.

Oni`n’ «Atakag’a ketiwshi so’z» dep atalg’an publitsistikali`q maqalasi`nda publitsistika haqqi`nda bahali` pikirler bildirilip, ayi`ri`m basshi`lardi`n’ qa’teliklerine, «ma’mleketlik qalta»g’a toyi`nbastan, qol sali`p ati`rg’anlardi` ko’rse de ko’rmegendey bolg’an jag’daylardi`n’ «na’tiyjesin» so’z etedi.

Aldag’i` waqi`tlari` basqalarg’a ta’rbiya beriwden aldi`n o’zimizdi qaytadan ta’rbiyalawi`mi`z kerekligin aytadi`.

«Ruwhi`y berilgenlik ha’m arqa su’yewshilikke beriliw sezimleri» atli` maqalasi`nda avtor Aral ten’izinin’ quri`wi`, buni`n’ tiykari` Respublikami`zda isleniwi kerek bolg’an geypara wazi`ypalardi`n’ to’menliginin’ birden-bir sebeplerinin’ nede ekenligin mi`sallar menen ayqi`n ko’rsetedi. Ayi`ri`m

adamlardi`n’ qani`na sin’ip ketken jaman illet arqa su’yewshilik ha’r qashan da istin’ na’tiyjesiz shi`g’i`wi`na ali`p keledi.

Avtor bul pikirlerin keyin ala «Qaraqalpaqnama» roman-essesinde bi`layi`nsha dawam etedi:

«Adamlar bar aqqan da’rya», biri ekinshisine qosi`lsa, ten’iz do’retip, anna jerdin’ bir ko’zine aylanadi`.

Adamlar bar – biri iyt minezli, ekinshisi pi`shi`q minezli. Olar joli`g’i`ssa, bir-birine u’rpeyisip ha’m o’zlerin, ha’m aylanasi`ndag’i`lardi` qorqi`tadi`. Atalar bar perzentler dan’qi` ushi`n jasaydi`, perzentler bar atalar dan’qi` ushi`n jasaydi`.

Birewleri qon’si`si`nikine bari`w ushi`n baldaqqa zar, ja’ne birewleri du’nyani`n’ qaysi` mu’yeshine bari`wdi` oylap, tezligi ses jan’g’i`ri`g’i`nan da tez samalëtlar ku’tip turadi`.[2]

Avtor adamlar arasi`ndag’i` qari`m-qatnasti` ja’miyetlik mashqala etip usi`nadi`. Ol adamlardi` toparlarg’a bo’liwi, oni`n’ bay o’mir ta’jiriybesinin’ jemisi.

«Publitsistika ja’miyetshilikte pikir oyata alsa g’ana oni`n’ a’hmiyetli orni`, xi`zmeti ko’rinedi»,[3] - degen edi professor F.Muminov. Ja’miyetshilikte pikir talasi`n oyati`wda T.Qayi`pbergenovti`n’ publitsistikalari`ni`n’ u’lken orni` bar.

Bunday ja’miyetlik maqalalar publitsisttin’ bir neshe maqalalari`, jurnalistler menen bolg’an sa’wbetlerinde o’z ko’rinisin tapti`. Mi`sali`: «Go’nergen ha’m dawam etip ati`rg’an da’stu’rler», «Hu’jdan o’lshemi – en’ basli` o’lshem», «Sho’listan bu’lbili», «Mongoliya dep atalmi`sh kitap», «Ar-nami`s sezimi otli` sezim» publitsistikali`q maqalalari`nda «Qara u’yden a’lemge jol», «Mashaqatli` jol», «O’mir joldaslari`», «Hadal jasaw joqari` ma’rtebe», «Ruwxi`y bayli`qti`n’ qa’teligi» temalari`ndag’i` sa’wbetleri jurnalistika tarawi`na ta’n.

---

[2] Т.Қайыпбергенов. 4-том. «Қарақалпақнама» Нөкис, Қарақалпақстан, 1998-жыл 15-бет

[3] Муминов Ф. Журналистика – ижтимоий институт сифатида. Ташкент. Университет 1998. 27-бет.

Biz u’yrengen materiallarda qayta-qayta izertley oti`ri`p, avtordi`n’ ja’miyetlik problemani` adamlardi`n’ o’z-ara qatnasi`nan, pazi`yletinen tabi`wi`n ko’rdik.

«Qorqaqli`q – baxi`tsi`zli`qti`n’ bir belgisi. «Qorqaqli`q» degende tek o’lim yamasa suwi`q jaraqtan qorqi`ni`shti` tu’siniw qa’te ori`nsi`z so’z so’ylewdin’ qorqi`ni`shi` - a’ne haqi`yqi`y qorqi`ni`sh! «Abaylamay so’ylegen awi`rmay o’ledi» degen xali`q danali`g’i` tiykarsi`z emes».[4]

Publitsisttin’ ja’miyettegi sotsialli`q toparlar haqqi`nda keltirgen pikirleri de di`qqatqa i`layi`q:

«Maqtanshaqli`q – qartayg’anli`qti`n’ ni`shani`. Bu’ydey de qa’te. G’arri`lar bolmasa, jaslar o’zlerinin’ jasli`g’i`n tu’sinbey, shi`ralari` o’shken qalani`n’ ko’shelerinde qalg’anday bolar edi».[5]

Ol g’arri`li`q, jasli`q dep bo’lmeydi. Kersinshe, olardi`n’ arasi`nda qari`m-qatnasti` tiklewdin’ ta’repdari`. Ja’miyetlik mashqala retinde qorqaqli`qti` insan pazi`yletindegi en’ unamsi`z illet si`pati`nda qaralaydi`, onnan saqlani`wg’a shaqi`radi`. İnsanni`n’ insan boli`p qali`wi` ha’r qanday ja’miyette a’hmiyetli.

Ha’rbir insan o’z xalqi`ni`n’ nuri`n ha’m ko’ylen’kesin boyi`na sin’dirgen ka’ramatli` ayna. Qaysi` bir dana adamlardi`n’ Erkin jasawi` ha’m erten’ine iseniw mu’mkinshiligin jen’illetiw maqsetinde qanday a’psanalar, hikayalar oylap tappasi`n, bu ele oni`n’ xali`q tiline aylani`wi` ushi`n bas belgisi emes.

T.Qayi`pbergenov haqqi`nda so’z bolg’anda «Adamzat bul du’nyag’a tek g’ana kitap oqi`w ushi`n kelmeydi-g’oy. Ha’zir kitap jazi`wdan go’re oni` oqi`w awi`r mu’shkilge aylani`p barati`rg’an sekilli. Usi`ni` tu’sinsemde ba’ri-bir kewil a’ndiyshelerim ti`ni`shi`ma qoymay, ja’ne jan’a kitap jazdi`m.

Ol ne haqqi`nda?

İnsan ha’m Watan haqqi`nda.

İnsan – bul Sen, Men, Ol dep atalmi`sh bir adamni`n’ u’sh qi`yli` ati`ni`n’;

---

[4] Т.Қайыпбергенов. 4-том. «Қарақалпақнама», Нөкис Қарақалпақстан, 1998-жыл 16-бет

[5] Т.Қайыпбергенов. 4-том. «Қарақалпақнама» романы, Қарақалпақстан, Нөкис, 1998-жыл 17-бет

İnsan – buo bir adamni`n’ o’zine, xalqi`na, adamzatqa bolg’an u’sh qi`yli` mehri=muha’bbetinin’;

İnsan – bul O’tmish, Bu’gin, Erten’ dep atalmi`sh u’sh da’wirdin’;

İnsan – bul jekke, Ja’miyetlik, Qudayli`q dep atalmi`sh u’sh hu’kimdarli`qti`n’ tu’yini;

Watan – Sen, Men, Ol tuwi`li`p, kamalg’a kelgen Shan’araqti`n’, Ma’mlekettin’, Jer shari`ni`n’ o’z-ara ha’mdamlasi`wi`;

Watan – bul Og’an, Sag’an, Mag’an ku’sh beretug’i`n ruh;

Watan – Bul Ol, Sen ha’m Men o’lsek denemizdi jasi`ratug’i`n topi`raq».[6]

Jazi`wshi`ni`n’ bul pikirine qosi`li`wg’a boladi`. Leykin insanli`q pazi`ylet, Watanni`n’ ug’i`mi` tek T.qayi`pbergenov aytqan g’ana da’liyillerden turmaydi`. İnsan ug’i`mi` ha’m Watan ta’g’diri adam tili jetpeytug’i`n hu’rmetli faktorlardan ibarat. Bul tek iri-iri belgileri. Degen menen jazi`wshi` bu’gingi ku’nge deyin hesh bir prozaik shi`g’armalari`nda ayti`p jazbag’an pikirlerge iye ekenligi menen bul kitabi`ndag’i` faktler a’hmiyetli.

«Qa’lbimnin’ qamusi`» kitabi` bir ta’repten ha’r bir oqi`wshi`g’a teren’ oy saladi`. Sebebi: T.Qayi`pbergenov adam balasi`nda ebindey aqi`l-hush bolsa, sol aqi`l-hushti`n’ o’mirde, turmi`sta kewlinin’ sezgenlerin di`m qaldi`rmay jazg’an. Ju’da’ tuwri` islengen. Bunday na’rselerdi tek usi` qaharman jazi`wshi`day g’ana jazi`wshi`lar jaza aladi` ha’m baspadan shi`g’ara aladi`. Eger usi` kitapqa kirgen ha’r bir adamda ba qa’lbimnin’ qamusi`n basqa bir jazi`wshi` jazg’anda, oni` esi bar adamlarda ku’stana eter edi. O’ytkeni, bul kitaptag’i` jazi`lg’an ko’p na’rseler aqi`lli` adamlardi`n’ da, orta da’rmiyan adamlardi`n’ da kewlinde bar na’rseler. Leykin, olardi`n’ barli`g’i`n T.Qayi`pbergenovtay etip, quyi`lji`ti`p, o’zin danalar qatari`nda si`nap jaza almas edi. Sol ushi`n da, biz T.Qayi`pbergenovti` a’sirese usi` kitabi` ushi`n Qaraqalpaq sheshenlerinin’ sa’rkardalari`ni`n’ bir dep esaplaymi`z. A’lbette

[6] Қайыпбергенов Т. «Қәлбимниң қамусы», Нөкис, «Билим», 2008-ж. 3-4-бетлер. Ендиги мысалларды усы китаптан аламыз.

kitapta zamang'a, da'wirnge jag'i`msi`z pikirlerdin' de ori`n alg'ani`n oqi`wshi`lardan jasi`ra almaymi`z.

T.Qayi`pbergenovti`n' bul kitabi`na «Qa'lbimnin' qamusi`» kitabi`nan zamani`mi`zg'a say keletug'i`n, ta'rbiyali`q xarakteri bar, buri`ng'i` dani`shpalradi`n' ayti`p ketken danali`q oylari` bar jerlerin g'ana tan'lap alami`z. Jazi`wshi` kitabi`ni`n' basi`nda o'zi aytqani`nday-aq «Menin' ha'mme jazg'ani`mdi`, aytqani`mdi` oqi`wshi`lari`m o'zleri tan'lap ala-aladi`» degenindey bizlerde turmi`sqa, o'mirimizge, ko'rkem a'debiyatqa i`layi`qlari`n g'ana mi`sal etip alami`z.

«Qa'lbimnin' qamusi`» kitabi`ni`n' son'i`nda u'lken jan'ali`q bar. Al endi menin' ma'n'gilik da'rwazasi`nan atli` keterimde «Sen o'zin'en son'g'i`larg'a qanday na'siyatlar ayti`p ketesen', biraq qi`sqa ayt dese, «Menin' jazg'an kitaplari`mdi` a'perin'ler solardan oqi`p aytayi`n» der edim, «Waqi`t jetpeydi, tek u'sh so'z ayt dese «A'ken'izdi, Anan'i`zdi` o'kpeletpen'ler» der edim. «Waqi`t tar tek eki so'z ayt» dese «O'kpelemen'ler» der edim. Soni`n' menen birge, hesh Kim heshten'e talap etpese, ishimnen heshkimge esittirmesten, xali`q qosi`g'i`ni`n' yadi`mda qalg'an mi`naw qatarlari`:

«Anadan tuwi`ldi`m,

Bardi`m bazarg'a.

Kepinlik shi`t ali`p,

Qaytti`m mazarg'a» dep u'nsiz ta'kirarlar edim.[7]

Bul jazi`wshi`ni`n' ha'mellerge eskertiwi sa'tli shi`qqan. Sol ushi`nda T.Qayi`pbergenov o'zinin' jeke oyi`nda, qa'lbinde ne bolsa ayti`p jazg'an. Meyli oni` Kim qalay tu'sinsin prozada sheberlik si`ri`n iyelep alg'an aqsaqal boli`p qala beredi. Oni`n' joli`n endi heshkim ta'kirarlay almaydi`.

T.Qayi`pbergenovta XX a'sirde du'nyag'a kelgen, o'zine ta'n o'zgeshelikke iye ulli` tulg'a. Soni`n' ushi`n jazi`wshi`ni`n' shi`g'armalari`n o'z aldi`na ayri`qsha u'yreniw talap etiledi. Biz oqi`wshi`larg'a ol jo'ninde tek

---

[7] Сонда 520-бет.

tani`sti`ri`p o’tiwdi maqset etip qoyg’anbi`z. Oni`n’ prozasi` du’nyali`q arenada u’yreniliwi  lazi`m.

# T.Qayi`pbergenov esselerinde publicistika

Jazi`wshi`ni`n’ xalqi`na degen sheksiz, bunda o’z sa’wleleniwin tapqan «Qaraqalpaqnama» roman-essesine tan’lap ali`ng’an a’psana ha’m ra’wiyatlari`nda teren’ ma’ni bar. Raxmetulla qazi` menen baylani`sli` a’psanani` eslep ko’rin’! «Xali`qti`n’ jarqi`n keleshegi haqqi`nda aq niyetler qi`layi`q» dep su’t iship, ant etpekshi bolg’an adamlardi`n’ ha’mmesi u’ylerinen su’t emes, suw ali`p shi`qsa! Nege bunday boldi`? Sebebi olardi`n’ ha’r biri sonsha su’ttin’ aldi`nda menin’ bir sho’lmek suwi`m ne bolar edi! A’ytewir o’zime qalg’ani` payda g’oy! dep «o’zim» degen qi`yalg’a beriledi. «Tamma-tama» ko’l boladi`» degendey, ha’r qanday xali`qti`n’ jarqi`n keleshegi, biyg’arez ma’mlekettin’ erten’gi usi` xali`q wa’killerinin’ niyet-oylari`nan maqset-muradi`nan hasi`l bolari`n olar ne bilsin! Sonli`qtan da xalqi`mi`z «Jaqsi` niyet yari`m i`ri`s» - degen shi`g’ar.

T.Qayi`pbergenov ja’miyetlik mashqalani` birden ju’zege shi`g’armaydi`. Oni` a’psana-rawiyatlarg’a su’yenip, eske tu’siriwler menen bayi`ti`p, en’ basli`si`, xali`q awi`z-eki a’debiyati`ni`n’ u’lgileri menen suwg’ari`p jetkeredi.

«Kisi o’zin qam su’t emgen bendemen» dep sezinse de ko’pshiliktin’ aldi`nda so’ylegende yamasa a’lle kimge ta’nha o’zi haqqi`nda aytqan gezde, o’zinin’ xali`q wa’kili ekenin umi`tsa, ol shi`n perzent emes. Bu’gingilerdin’ arasi`nda qaysi`lari` shi`n perzent? Bul mag’an ele berin oylani`p shesheiwim tiyis jumbaq boli`p qaldi`.

Ko’p danalardi`n’ pikiri menen oy ju’rgizsek, hesh kim wo’zinin’ kimligin, qayerdenligin, ne ushi`n jasap ati`rg’ani`n umi`tqi`si` kelmeydi. Bul belgilerdi a’lle kimnin’ umi`tpawi`na jol qoyi`w – oni` qan shi`g’armay soyi`w menen, tiriley jerge ko’miw menen barabar. «Issi`ni` o’zin’e bas, jaqsi` dosti`n’a bas», -

deydi xali`q danali`g'i`. Kisi o'zgelerge ken'es ayti`w aldi`nan usi` xali`q danali`g'i`n qi`yal eleginen o'tkergennen keyin g'ana tiline ziban berse maqul.[8]

Duri`srag'i` danali`qti` da, ladanli`qti` da a'weli o'zin'nen izlew jazi`wshi`ni`n' basli` talabi` mine usi`nday. O'ytkeni, adam balasi`ni`n' ayaq tiregen jeri tep-tegis bolmaydi`. A'ne usi` nategislik adamlardi`n' sanasi`na, psixologiyasi`na ta'sir etetug'i`n bolsa kerek.

Jazi`wshi` o'zinin' oy elegine salg'an ma'selede basqalardi`n' pikirlerine de qulaq tu'redi. Mi`sali`.

«Atamni`n' na'siyatlari`nan: «Kisinin' bir sorawi`na qi`sqa u'sh tu'rli juwap bar: «Awa», «Joq», «Qa'ydem».

Men a'welgi yekewine u'yrengenmen. Al o'mirde waqi`tsha jen'iske erisip ju'rgenler ko'binese «qa'ydem» dep juwap beredi. Men olardi` ishimnen jek ko'remen, sebebi, menin' tu'sinigimshe, tirimisen', «Awa!»de, ya «Joq» de, «Qa'ydem» dew shala uyqi`dag'i`lardi`n' yaki keselbentlerdin' juwabi`. «Awa» ha'm «Joq» degen juwaplari`n' ushi`n qi`yi`n turmi`s keshirsen' de nali`nba, bul juwaplar seni basqalar aldi`nda jarqi`n ju'zli qi`ladi`. Adamlar ba'ri-bir seni tu'sinedi. A'wladlari`mnan Kim menin' usi` na'siyatlari`ma sadi`q bolsa, menin' usi` na'siyatlari`ma sadi`q bolsa, menin' ruxi`m baxi`tli`»ni`n' ruwxi`n baxi`tli` qi`li`w ta'repdari`man. Gu'miljilik o'mir joli` emes, o'mir soqpag'i` da emes.[9]

Avtordi`n' «Gu'midjilik» wo'mir joli` emes» degen pikirinde teren' ma'ni bar. Wol wo'mir degen janli` ha'm si`rli` du'nyag'a wo'zinin' degen janli` ha'm si`rli` du'nyag'a o'zinshe baha beriwge, onda adamni`n' worni`n belgilep bergisi keledi. Jazi`wshi` wo'zinin' wo'mirin xali`q penen qatar qoyi`p, qaraqalpaq xalqi`ni`n' wo'tmishi, ha'zirgisi, keleshegi haqqi`nda teren' woy tuwdi`radi`.

---

[8] Т.Қайыпбергенов. 4-том. «Қарақалпақнама» романы, Қарақалпақстан, Нөкис, 2008-жыл 287-бет

[9] Т.Қайыпбергенов. 4-том. «Қарақалпақнама» романы, Қарақалпақстан, Нөкис, 2008-жыл 300-бет

Bir ji`li` Moskvadan poezda qaytti`m. Kupede ori`n bolmay, uli`wmali`q vagonda qaytti`m. Mingen gezde ko'p adam menen tani`sqan edim. No'kiske kelemen degenshe neshewi tu'sip, ja'ne neshewi qosi`lg'ani` esimde joq. Adamlar ko'p ma'rte almasti`. A'weli menin' menen mingenlerdin' birazi` ja'ne alg'a ketti. U'yge kelip, usi`lar jo'ninde ku'ta' ko'p oyladi`m. Wo'mir degen-a'm usi` passajir tasi`ytug'i`n poezdg'a taqabbil. Kimnin' tazadan kelip, qay jerde tu'sip ati`rg'ani`n bilmeysen'. Tek tani`slari`n'di` qa'dirleysen'. Biraq ol senin' menen ba'rhama birge boli`p poezddan birge tu'sse hesh ga'p, wol buri`n tu'sip qalsa, ju'regin'e da'rt saladi`. Ayti`n'lar kimnin' kewlinde da'rt joq.[10]

Avtor wo'zin bul du'nyani`n' barli`q sorawlari`na juwap beretug'i`n da'rejede sezse de ba'ri bir, og'an mudami` bir na'rse jetispeytug'i`nday, jani` a'lle na'rseni ku'seydi, ku'tedi. Bazda ne ushi`n jasap ati`rg'ani`na tu'sinbey sarsan'li`qta bas qati`radi`. Al geyde adam kewlindegi bunday alasapi`ranli`qti` ku'tilmegen bir is ya bir ga'p jo'nge sali`p eger ol sharshap oti`rg'an bolsa sharsharshag'ani`n, qapali`qti`n' qursawi`nda oti`rsa, qapali`g'i`n umi`tadi`, kewli hallaslap, aldi`nda turg'an mi`n'san wo'mir soqpaqlari`n ko'rip hawli`qpastan birewine tawekel ayaq qoyadi`.

«Muhabbat adam ju'regine a'zeliy egilgen boli`p, ana su'ti menen suwg'ari`latug'i`n wo'zinshe bir tuqi`m. Woni`n' kimde qalay rawajlani`wi` ta'rbiyag'a baylani`sli`. Ha'r bir insanni`n' a'rmani` wo'zinikinin' g'ana emes, wo'zgenin' de muhabbatinin' tazali`g'i`. Taza muhabbat-ta'biyatti`n' adamzat ushi`n shi`g'arg'an ekinshi quyashi`. Wol ha'r kimnin' ishki sezeimine nur quyadi`. Si`rttan da, ishten de nur ali`w qanday baxi`t! Jaqti`da hesh Kim aljaspaydi`»…[11]

Prezidentimiz İ.Karimov «Ta'limdi ta'rbiyadan, ta'rbiyashi` ta'limnen aji`rati`p bolmaydi`»[12] degen dana pikirlerinde u'lken ma'ni bar.

---

[10] Т.Қайыпбергенов. 4-том. «Қарақалпақнама» романы, Қарақалпақстан, Нөкис, 2008-жыл 292-бет
[11] Т.Қайыпбергенов «Қарақалпақнама» Н., Қарақалпақстан, 2008-жыл 165-бет
[12] Каримов И.А. Юксак маънавият - енгилмас кўч. Ташкент «Маънавият» 2008. 14-бет.

T.Qayi`pbergenovti`n’ «Qaraqalpaqnama» roman-essesin de oqi`p woti`ri`p ta, ayti`lg’an ha’rbir hikimettin’ arti`nda ta’rbiya bar ekenligin sezinesen’.

T.Qayi`pbergenovti`n’ «Wo du’nyadag’i` atama xatlar» shi`g’armasi`nda pu’tkil ja’miyetlik mashqalasi` – ekologiyali`q apatshi`li`q, Aral ten’izinin’ quri`p ketiwi, woni`n’ quri`wi`na xalqi`mi`z arasi`nda awi`r keselliklerdin’ ko’beyip ketiwi so’z etiledi. Avtor esse janri`n teren’irek tu’sinip, oni` regiondag’i` en’ a’hmiyetli ma’sele – Aral tragediyasi`na arnaydi`. Bul shi`g’arma tek qaraqalpaq a’debiyati` ushi`n emes. Du’nyali`q a’debiyati`na a’hmiyetli. Global mashqalag’a arnalg’ani` ushi`n N.Krasilnikovti`n’ awdarmasi`nda Moskvada «Mir» baspasi`nda 2004-ji`li` basi`li`p shi`qti` ha’m avtorg’a Mixall Sholoxov ati`ndag’i` xali`q arali`q si`yli`q berildi.

Shi`g’armani`n’ kompozitsiyali`q quri`li`si` wo’zgeshe. Wonda u’sh na’rsenin’ organikali`q baylani`si` bar.

1. Avtor so’zi.

2. Nawqasti`n’ manologi.

3. İlimiy boljawlar.

Avtor ta’repinen bir ma’sele ortag’a sali`nsa, nawqasti`n’ monologi menen wol ja’ne de teren’lesedi. Mi`sali`:

«Allataala bizlerdi g’arg’ag’ani` ras bolsa kerek». Jamanni`n’ ayag’i` segiz, bir bolmasa biri tiyedi degen g’oy. Allataala qarapayi`m puqarani` emes, ladan basshi`lari`mi`zdi` g’arg’ag’an. A’ne sol g’arg’i`sqa ushi`rag’an basshi`lari`mi`zdi`n’ kesapati` xali`qqa tiyip ati`r.

Keshegi wo’lgen bir adam Araldi`n’ buri`ng’i` g’i`rra jag’asi`nda bali`qshi` awi`ldan yedi. Wol tirisinde «Meni buri`ng’i` awi`li`mdag’i` qa’biristang’a apari`p qoyi`n’lar, wol jerde jeti atamnan berjag’i`ndag’i`lar jati`r. Solar menen birge bolayi`n. No’kiske ko’ship kelgen a’wladlari`mi`z «yeske tu’siriw ku’nleri ha’r jaqqa bo’linip ju’rmesin» dep na’siyat qi`lg’an edi. No’kistegi ag’ayinlerdi wo’lige sadi`qli`q qi`li`p bir KAMAZ mashinasi`n jallap a’ketken

yedi. Bu’gin qaytari`p a’kelipti, sebebi woni`n’ jeti atasi`nan beri kiyati`rg’an awi`l qa’biristani`n tabalmapti`. Qum basi`p ketken deydi».[13]

Shi`g’armada avtor ta’repinen bunday qayg’i`li` waqi`yalardi`n’ su’wretleniwi, bunda da olardi`n’ qarapayi`m adamlardi`n’ tili menen beriliwi regiondag’i` dramatizmge toli` jag’daylardi` bayanlawg’a ha’reket etedi. So’z etilip ati`rg’an waqi`yani` ja’ne de teren’irek ta’sirshen’ligine erisiw maqsetinde avtor ilimiy bayanlawlardan paydalang’an. Bunday izleniwshilik xi`zmet shi`g’armani`n’ quni`n ko’teredi. Ha’r bir ko’terilgen ma’sele arti`nda jazi`wshi` obrazi`, jeke pozitsiyasi` bar. Wol oqi`wshi`lar na’zerine yendi jazi`wshi` si`pati`nda emes, al filosof Qayi`pbergenov obrazi`nda gewdelenedi.

Wo’mir shi`nli`g’i`n su’wretlewde xali`q legendalari` menen anekdotlari`, ertekleri, dani`shpanlari`mi`zdi`n’ pikirleri, wo’zinin’ jeke pikirleri, tariyxi`y faktler ha’m t.b. arqali` wo’mirdin’ ha’r tu’rli filosofiyasi` haqqi`nda pikir aytadi`.

«Muhammed alaixassalamnan «Beyish qayda?» dep sorag’anda wol, «Beyish analardi`n’ ayaqlari`ni`n’ asti`nda», dep Alladan biyhu’jim aytpag’an a’lbette Araldi`n’ suwi` nege ashshi`? Sebebi erkeklerdin’ ko’z jasi` ashshi` boladi`, sebebi olar bul jaqti` a’lemnin’ ha’m u’stini ha’m g’a’zebi. İlaya erkekler ko’z jas to’kpegey, dep jasaw kerek bul du’nyada. Erkekler ko’p ji`lasa ko’z jaslardan jer za’ha’rlenedi, za’ha’rli jerde o’mir toqtaydi`… Uli`wma alg’anda ko’z jasti`n’ barli`q tu’ri de za’ha’rli, ilaya olar ko’p to’gilmegey…»[14]

Bul ayti`lg’an pikirlerde bul shaqi`ri`q bar. Avtor hayallardi` ha’m erkeklerdi qa’dirlewge shaqi`radi`. Ha’rqanday ja’miyetlik qatnaslarda ha’r kimnin’ o’z orni` bar ekenligin uqti`rg’i`si` keledi.

Bul du’nyani`n’ bir qi`zi`q jeri – iske asi`ri`lg’an yamasa iske asi`ri`lmag’an a’lle qanday maqset u’stinde qansha-qansha tarti`slar boladi`. Sol na’rse tuwrali` neshe adam so’ylese sonsha sandag’i` pikir boli`wi` mu’mkin.

[13] Т.Қайыпбергенов «О дүньядағы атама хатлар». Нөкис, «Қарақалпақстан» 1999.
[14] Т.Қайыпбергенов «О дүньядағы атама хатлар». Нөкис, «Қарақалпақстан» 1992 33-бет.

Aq boyaw birew boli`wi`na qaramastan, ha’rbir adamni`n’ o’zinshe aq boyawi` bar. Haqi`yqatli`qta mine usi`nday. Avtor o’z pikirlerin nawqasti`n’ monologin, ilimiy boljawlardi` o’zi qatar qoyi`p tan’law erkinligin oqi`wshi`ni`n’ o’zine qaldi`radi`.

T.Qayi`pbergenovti`n’ «O du’nyadag’i` atama xatlar» essesinde jazi`wshi`ni`n’ balali`q da’wirinen tap payg’ambar jasi`na shekem basi`p o’tken turmi`s baqlawlari`, ko’rgen-bilgenleri, turmi`stag’i` waqi`ya ha’diyseler tuwrali` oy-pikirleri ju’da’ ko’rkem til menen beriledi. Avtor bunda aytpaqshi` bolg’an ga’plerinen a’lle qashan a’lemnen o’tip ketken babasi`na mu’ra’jat etiw joli` menen bayan etedi. Shi`g’armada adamdi` ta’shiwshlendiretug’i`n siyasiy qudalaw. T.Qayi`pbergenov essetikasi` shi`g’armadan-shi`g’armag’a o’tken sayi`n ishki janrli`q formalar menen bayi`p barmaqta. Bul jazi`wshi`ni`n’ do’retiwshilik sheberligin ju’zege shi`g’ari`p ati`r».[15]

[15] Палўанов Б.Н. Ҳәзирги қарақалпақ әдебиятында эссе жанры. (Жанрдың пайда болыўы ҳәм қәлиплесиўи, шеберлик мәселелери,) Автореферат. Филология илимлериниң кандидаты илимий дәрежесин алыў ушын усынылған. Нөкис 2007.

# JUWMAQLAW

Prezidentimiz İ.A.Karimov ja’miyetimizde insanlardi`n’ ka’mil insan boli`p jetilisiwine u’lken a’hmiyet berdi. «Ruwxi`yli`q insanni`n’, xali`qti`n’, ja’miyettin’, ma’mlekettin’ ku’sh qu’direti. Ol joq jerde hesh qashan baxi`t-saodat bolmaydi`»[16] - degen pikirlerin xalki`mi`zdi`n’ ruwxi`y ma’deniyati`n jetilistiriwge xi`zmet etip ati`rg’an jazi`wshi` ha’m jurnalistlerge qarata ayti`lg’an dana ko’rsetpesi dep bilemiz.

O’zbekstan ha’m Qaraqalpaqstan xali`q jazi`wshi`si`, O’zbekstan Qaharmani` T.Qayi`pbergenovti`n’ publitsistikasi`nda ja’miyetlik problemalardi`n’ sa’wleleniwin u’yreniw bari`si`nda sonni` ani`qladi`q, jazi`wshi`ni`n’ do’retpeleri insandi` ma’nawiyatli` boli`wg’a ta’rbiyalaydi`. Ma’na’wiyatli` adam jasawdan maqset ne ekenligin ani`q biledi, o’mirin mazmunli` o’tkeriw joli`n izlep tabadi`, qatnasi`q ma’deniyati`n iyeleydi, ha’r bir ma’selege insap, hu’jdan ha’m adalat ko’z qarasi`nan jantasadi`. Ruwxi`y jaqtan bay insanlar g’ana o’z o’mirinin’ mazmuni`n sa’wlelendire aladi`. Soni`da ayti`p o’tiwimiz kerek, ma’nawiyatli` ja’miyette aqi`l-za’ka’wat, ko’p pikirlik, a’dalat ha’m unamli` qatnasi`q u’stem boladi`.

T.Qayi`pbergenovti`n’ publlitsistikali`q shi`g’armalari`n u’yreniw bari`si`nda to’mendegi ja’miyetlik problemalardi` ani`qlawg’a eristik.

İnsanda a’zelden jaqsi`li`qqa, kelesheke ha’m go’zzalli`qqa umti`li`w tuyg’i`si` ku’shli boladi`. İnsan o’zinin’ bir qansha o’zgeshelikleri menen jer betindegi barli`q janzatlardan aji`rali`p turadi`. Ma’selen, oni`n’ sanali`g’i`n, o’z pikirin bayanlaw ali`wi`, do’retiwshiligi, miynet etiwi qorshag’an ortali`qti` o’zgerte ali`wi` – bulardi`n’ barli`g’i` insani`yli`q o’zgeshelik esaplanadi`. Joqari`da keltirilgen o’zgesheliklerdi o’zinde jetilistiriw bari`si`nda ja’miyetlik

[16] Каримов И. Юксак маънавият – енгилмас кўч. Ташкент, «Маънавият» 2008.

mashqalalar ju’zege qalqi`p shi`g’adi`. Birinshi na’wbette Watang’a bolg’an muhabbat mashqalasi` qaysi` da’wirde jasalmasi`n insan bul tuyg’i`dan aji`ralmaydi`. Kersinshe ji`llar  o’tken sayi`n bul mashqalani`n’ quramali`g’i`na ani`qlama beredi. T.Qayi`pbergenovti`n’ bul mashqala boyi`nsha o’z sheshimi bar:

«Watan – Sen, Men, Ol tuwi`li`p, kamalg’a kelgen shan’araqti`n’, ma’mlekettin’, Jer shari`ni`n’ o’z-ara ha’mdamlasi`wi`».[17]

Ja’miyetlik mashqalalardi`n’ o’zi publitsist qoli`na qa’lem ali`p jan’a do’retpeler jazi`wg’a talpi`ndarg’an. Usi` da’rt oni`n’ kewlinde insap, hu’jdan, mehir-aqi`bet tuwrali` oylawg’a ha’m og’an filosofiyali`q ko’z-qarastan baha beriwge tiykar bolg’ani`nday.

T.Qayi`pbergenov publitsistikasi`  du’nyani` u’yreniwde sergek boli`wg’a iytermeleydi. İtibarli` boli`w, sabi`rli` boli`w, en’ basli`si` ruwxi`y jaqtan bay boli`wg’a ta’rbiyalaydi`.

Bunday ja’miyette xali`qti`n’ erten’gi ku’nge, yag’ni`y keleshekke isenimli ku’shli boladi`, insang’a jat ideyalar joq boladi`. Ma’mleketimizde ha’r bir millettin’ a’sirler dawami`nda payda bolg’an tami`rlari`, oni`n’ tariyxi`y ta’jiriybeleri oni`n’ bu’gingi, sotsialli`q ha’m ja’miyetlik qatnaslari`na ta’sir etip turadi`.

Usi`nday ta’sirshen’lik ku’sh a’debiyatta da bar. «Adamzat ushi`n eki quyash bar: Ol – birinshisi ta’biyiy quyash – ku’n, ekinshisi ruwxi`y quyash – kitap. Ku’n bolmasa o’mir joq! Kitap bolmasa, tiriler ma’n’gige keselge usap qalar edi»[18]

Jazi`wshi`ni`n’ bergen bul ani`qlamasi`na qosi`msha qosari`mi`z joq. En’ basli`si`, oni`n’ publitsistikasi` i`layi`qli` bahasi`n aldi`.

---

[17] Қайыпбергенов Т. Қəлбимниң қамусы. Н. «Билим» 2008. 4-бет.
[18] Қайыпбергенов Т. «Қарақалпақнама», Нөкис. «Қарақалпақстан» 1998-ж. 20-бет

## PAYDALANILG’AN A’DEBİYATLAR DİZİMİ


1. Karimov İ. Yuksak manaviyat engilmas kuch. Tashkent «Manaviyat» 2008.

2. Karimov İ. Yangicha tafakkur – zamon talabi. «Xalq swzi» 1997, 18-iyul.

3. Abdimuratov A.U. Publitsistika Tulepbergena Kaipbergenova: Spetsifika, tematika janrovo – stilisticheskie osobennosti. Avtoreferat kand.diss. –Tashkent, 1997.

4. Voroshilov V.V. Jurnalistika. Uchebnik. SP.1999.

5. Ja’rimbetov Q. Namalar. O’zRİAQQB «Xabarshi`si`» No’kis. 2001. №4.

6. Kamalov Q. Qaraqalpaq povestleri. No’kis «Qaraqalpaqstan», 1982.

7. Karimov X. Hozirgi uzbek nasrida haёt haqiqati va inson kontseptsiyasi. Toshkent, 1994.

8. Kamalov Q. Dala bu’rkiti. No’kis «Qaraqalpaqstan» 1990.

9. Qoji`qbaeva A. Qaraqalpaq romani` (syujet ha’m kompozitsiya) No’kis «Qaraqalpaqstan», 1977.

10. Qoji`qbaeva Z.A. Xudojestvenni`y ocherk v sovremennoy karakalpakskoy literature. Nukus. Avtoreferat kand.diss. 1988.

11.Qilichev E. Suzning shakliy va manaviy munasabatlari xususida. Til va adabiёt talimi. Tashkent 1977 №5-6.

12. Nari`mbetov J. Qaraqalpaq romani`. No’kis «Qaraqalpaqstan» 1979.

13. Nurjanov P. «G’a’rezsizlik da’wirindegi qaraqalpaq prozasi`» «Bilim» 2003.

14. Palwanov B.N. Qoraqalpoq adabiёtida esse janri. (Janrning paydo bwlishi va shakillanishi, mahorat masolalari) Avtoreferat Nukus. 2007.

15. Paxratdinov Yu. Qaraqalpaq a’debiyati`nda yumor ha’m satira. No’kis, «Qaraqalpaqstan» 1990.

16.Sultanov Q. T.Qayi`pbergenovti`n’ prozasi`. No’kis «Qaraqalpaqstan» 1979.

17. Muminov F. Jurnalistika - ijtimoiy institut sifatida. Toshkent Universitet 1998.

18. Usnatdinov Sh. Jurnalistikag’a kirisiw. No’kis «Qaraqalpaqstan», 2008.